



DECRET N°100/1953 DU 11 NOVEMBRE 2014  
PORTANT REGLEMENTATION DE LA  
MEDECINE TRADITIONNELLE ET L'ART DE  
TRADIPRATICIEN AU BURUNDI

ITEGEKO INOMERO 100/253 RYO KU WA 11  
MUNYONYO 2014 RISHINGA AMATEGEKO  
AGENGA UBUVUZI BW'IMITI Y'IKIRUNDI HAMWE  
N'UMWUGA W'UKUVUZA IMITI Y'IKIRUNDI MU  
BURUNDI

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

UMUKURU W'IGIHUGU,

- Vu la Constitution de la République du Burundi ; Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Republika y'Uburundi;
- Vu le Traité pour l'établissement de la Communauté de l'Afrique de l'Est ; Yihweje Amasezerano ashinga Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko ;
- Vu le Protocole portant création du Marche commun de la Communauté de l'Afrique de l'Est et ses annexes ; Yihweje Amasezerano ashinga Isoko rusangi ry'Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko n'mperekeza zayo ;
- Vu le Décret-loi n° 1/16 du 17 mai 1982 portant Code de la santé publique ; Yihweje Itegeko bwirizwa inomero 1/16 ryo ku wa 17 Rusama 1982 ryerekeye Igitabu c'amategeko agenga amagara y'abantu ;
- Vu le Décret-loi n° 1/11 du 18 avril 1992 portant cadre organique des associations sans but lucratif ; Yihweje Itegeko bwirizwa inomero 1/11 ryo ku wa 18 Ndamukiza 1992 rishinga amategeko agenga amashirahamwe adaharanira inyungu ;
- Vu la Loi n°1/13 du 28 juillet 2009 relative à la propriété industrielle au Burundi ; Yihweje Ibwirizwa inomero 1/13 ryo ku wa 28 Mukakaro 2009 ryerekeye itunga mvabwenge ryerekeye ibihingurwa ;
- Vu la Loi n° 1/03 du 04 janvier 2011 portant système national de normalisation, métrologie, assurance de la qualité et essais ; Yihweje Ibwirizwa inomero 1/13 ryo ku wa 04 Nzero 2011 rishinga ingene Uburundi bushiraho amategeko agenga ibidandazwa, hasuzumwa ko ibipimo bikwije ibisabwa n'amategeko, hagenzurwa akaranga k'ibidandazwa n'ingene hashirwaho ubuhinga bwo kubisuzuma ;

Vu le Décret n°100/254 du 04 octobre 2011 portant organisation et fonctionnement du Ministère de la santé publique et de la lutte contre le Sida ;

Yihweje Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu 100/254 ryo ku wa 04 Gitugutu 2011 ritunganya Ubushikiranjanji bw'amagara y'abantu no kurwanya Sida n'ingene bukora ;

Sur proposition du Ministre de la Santé Publique et de la lutte contre le Sida ;

Bishikirijwe n'Umushikiranjanji w'amagara y'abantu no kurwanya Sida ;

Le Conseil des Ministres ayant délibéré ;

Inama Nshikiranjanji imaze kuvyihweza ;

## DECRETE :

## ASHINZE :

### CHAPITRE PREMIER : DES DISPOSITIONS GENERALES

### IGICE CA MBERE : INGINGO NGENDERWAKO

#### Section 1 : Objet

#### Agace ka 1 : Intumbero y'iri tegeko

#### Article 1<sup>er</sup> :

#### Ingingo ya mbere :

Le présent décret a pour objet de régler l'exercice de la médecine traditionnelle et de l'organisation de l'art de tradipraticien.

Iri tegeko rifise intumbero yo gushinga amategeko agenga ukuvuza imiti y'ikirundi hamwe n'ugutunganya umwuga w'ukuvuza imiti y'ikirundi.

#### Section 2 : Définitions

#### Agace ka 2 : Insiguro y'amajambo

#### Article 2 :

#### Ingingo ya 2 :

Au sens du présent décret on entend par :

Muri iri tegeko, amajambo akurikira asiguwe uku :

**autorité compétente**, le Ministère ayant la santé publique dans ses attributions ;

**ubutegetsu bubifitiye ububasha**, ni ubushikiranjanji bujejwe amagara y'abantu ;

**code d'éthique**, ensemble de règles régissant la conduite basée sur les valeurs morales énoncées et reconnues par une association à caractère professionnel ;

**akarangamutima k'umwuga**, ni amategeko yose agenga inyifato ibereye ashingiye ku migenzo myiza yashikirijwe n'ishirahamwe rikora umwuga kandi rikaba riyemera ;

**code de pratique**, ensemble de règles écrites décrivant la manière dont les tradipraticiens doivent se comporter dans l'exercice de leur profession ;

**amategeko agenga umwuga w'ukuvuza imiti y'ikirundi**, ni amategeko yose yanditse atomora ingene abavuzi imiti y'ikirundi bategerezwa kwigenza mu kurangura umwuga wabo ;

**drogue**, tout produit comportant des propriétés médicamenteuses, employé à l'état brut ou tel qu'il existe dans la nature ou après des opérations matérielles n'exigeant aucune connaissance pharmaceutique ;

**umusabiko**, ni ikintu cose gifatwa nk'umuti gikoreshwa atagikuweko canke congweko, canke kigakoreshwa kikiri nkuko gisanzwe kiri mw'ishamba canke kimaze guhingurwa mu buryo budasaba ko uwugihingura ategerezwa kuba afise ubumenyi mu bijanye n'umwuga w'abahinga mu vyerekeye imiti ;



**homologation**, le processus par lequel un médicament ou un autre produit pharmaceutique est approuvé pour être utilisé au Burundi, après son évaluation par une commission créée à cet effet ;

**médecine traditionnelle**, ensemble des connaissances et des pratiques explicables ou non, utilisées pour diagnostiquer, prévenir ou éliminer un déséquilibre physique, mental ou social en se fondant sur l'expérience et les observations transmises de génération en génération, oralement ou par écrit ;

**médicament**, toute substance ou toute composition présentée comme possédant des propriétés curatives ou préventives à l'égard des maladies humaines ou animales ainsi que tout produit pouvant être administré à l'homme ou à l'animal en vue d'établir un diagnostic médical ou de restaurer, corriger ou modifier leurs fonctions organiques ; sont également considérés comme médicaments, les produits cosmétiques et d'hygiène corporelle, les produits diététiques, les désinfectants et antiseptiques, les produits présentés comme pouvant supprimer ou réduire l'accoutumance aux stupéfiants, aux psychotropes, au tabac ou à l'alcool ;

**médicament traditionnel amélioré**, tout médicament d'origine végétale, animale ou minérale sous forme brute ou semi purifiée ayant fait l'objet d'études photochimiques, biologiques ou pharmacologiques, toxicologiques et cliniques et dont la production est standardisée de façon à en garantir une qualité constante ;

**pharmacopée**, un recueil contenant :

- la nomenclature des drogues, des médicaments simples et composés ainsi

**ukwemeza umuti**, ni ibikurikizwa kugira umuti canke ikindi gikoreshwa nk'umuti vyemezwe kugira bikoreshwe mu Burundi, bimaze gusuzumwa n'umugwi washinzwe kubera ico nyene ;

**ukuvuza imiti y'ikirundi**, ni ubumenyi bwose hamwe n'iyindi migirwa bisigurika canke bisiga ubwenge bikoreshwa mu gupima, gukinga canke kurandurana n'imizi ubumuga bwo ku mubiri, ubwo mu mutwe canke ubwerekeye imibano bishingiye ku vyo umuntu yagendereje n'ivyo yabonye vyagiye birahanahanwa kuva kuri basogukuruza, ku munwa canke vyanditswe ;

**umuti**, ni ikintu cose canke icahinguwe gishobora kuvura canke gukingira indwara abantu canke ibikoko hamwe n'icahinguwe cose gishobora guhabwa umuntu canke igikoko kugira apimwe indwara canke avurwe canke kugira ibihimba vy'umubiri bisubire gukora, hakosorwe canke hahindurwe ingene bikora; ibindi bifatwa nk'imiti ni ivyahinguwe bigira neza urukoba n'ibigenewe isuku ry'umubiri, ingaburo, imiti yica canke ikinga udukoko dutera indwara, n'iyica imigera itera indwara, imiti ifatwa ko ishobora gutuma abamogoreye ibiyayuramutwe, ibiyovyabwenge, itabi canke inzoga babiheba canke bakagabanya urugero babinywako ;

**umuti w'ikirundi uteguwe ku buhinga buteye imbere** ni umuti wose uva mu bimera, ku bikoko canke mu gataka atagikuweko canke congeweko canke hakuwemwo ibicafu bimwebimwe ukaba waragizweko ivyigwa hakoreshejwe ubuhinga bwa shimi bukoresha umuco, ivyigwa vyihweza utunyabuzima turi muri wo canke ivyigwa bigirwa hakoreshejwe ubuhinga bujanye n'ivyerekeye imiti, ivyigwa vyo kwihweza ubumara buri muri wo n'ingene uvura, kandi ugakorwa kumwe ku buryo akaranga kawo kataguma gahindagurika ;

**igitabu c'itororokanirizo ry'imiti n'ibiyerekeye** ni igitabu kiramwo :

- urutonde rw'imisabiko, imiti isanzwe n'iyigizwe n'urusukirane rw'imiti n'ibindi bidandazwa mu





que des articles officinaux ;

- une liste des dénominations communes des médicaments ;
- les tableaux de posologie maximale et usuelle des médicaments pour l'adulte et pour l'enfant ;
- des renseignements qui peuvent être utiles au pharmacien pour la pratique pharmaceutique.

mangazini y'imiti ;

- urutonde rw'amazina rusangi y'imiti ;
- ivyerekana urugero ntarengwa rw'umuti n'urusanzwe rukoresha ku muntu akuze no ku mwana ;
- ivyo umuhinga mu vyerekeye imiti ashobora gukenera mu kazi kiwe.

**pharmacovigilance**, la science et les activités relatives à la détection, à l'évaluation, à la compréhension et à la prévention des effets indésirables ou de tout autre problème lié aux médicaments ayant pour objet la surveillance du risque d'effets indésirables résultant de l'utilisation des médicaments et des produits pharmaceutiques après leur mise sur le marché ;

**publicité**, l'action menée en vue d'informer ou d'inciter pour la prescription, l'achat et la consommation des remèdes traditionnels ;

**remède secret**, toute substance ou toute composition répondant à la définition du médicament pour lequel il n'y a aucune indication explicitement mentionnée sur le conditionnement primaire ou secondaire relativement à sa composition ;

**remède traditionnel**, toute substance ou toute composition d'origine végétale, animale ou minérale, utilisée par des tradipraticiens dans le cadre de l'exercice de leur art ;

**tradipraticien**, personne reconnue par la communauté comme apte à fournir des soins de santé en se servant des produits végétaux, animaux ou minéraux ainsi que certaines méthodes basées sur le contexte socioculturel et religieux ainsi que sur des connaissances, attitudes et des croyances qui prédominent dans la communauté en ce qui concerne le

**ukurereka ingaruka mbi zituruka ku miti**, ni ubuhinga hamwe n'ibikorwa vyerekeye ugutora, ukwihweza, ugutahura n'ugukinga ingaruka mbi canke iyindi ngorane yose iturutse ku miti bifise intumbero y'ugucungera ko hashobora kuba ingaruka mbi zituruka ku gukoresha imiti n'ibindi bikoreshwa nk'imiti bimaze gushirwa kw'isoko ;

**Ukumenyekanisha ibijanye n'imiti y'ikirundi**, ni igikorwa gifise intumbero yo kumenyesha canke guhimiriza abanyagihugu kugira bandikirwe imiti y'ikirundi, bayigire kandi bayifate.

**umuti ibiwugize bigumizwa mw'ibanga**, ni ikintu cose canke icakozwe cose gikwije ibigize umuti ariko ata na kimwe cerekana ibikigize, haba ku co gitekewemwo c'imbere canke ic'inyuma ;

**umuti w'ikirundi**, ni ikintu cose canke icakozwe cose, gikomoka mu biterwa, ku bikoko canke kiva mu gataka, gikoresha n'abavuzwa imiti y'ikirundi mu kurangura umwuga wabo ;

**Umuvuzi w'imiti y'ikirundi**, ni umuntu azwi mu kibano ko ashoboye kuvura akoresheje imiti iva mu bimera, ku bikoko canke mu gataka hamwe n'uburyo bumwebumwe bushingiye ku mico n'imigenzo no ku madini hamwe no ku bumenyi, inyifato n'ivyo abantu basanzwe bemera cane bijanye n'ubukomezi bw'umubiri, ubwo mu mutwe no mu kuvura ingwara zituma umuntu yiyemera canke yemerwa mu kibano

bien-être physique, mental et social et les causes des maladies et des invalidités.

hamwe n'ibibatera indwara n'ubumuga.

## CHAPITRE II : DE LA PHARMACOPEE

## IGICE CA II : IGITABU C'ITOROROKANIRIZO RY'IMITI N'IBIYEREKEYE

### Article 3 :

Il est tenue une pharmacopée indiquant les caractères des remèdes traditionnels, les moyens qui permettent de les identifier, les méthodes d'essai et d'analyse à utiliser pour assurer leur contrôle, les procédés de préparation, de stérilisation et de conservation ainsi que les règles de leur conditionnement, leurs principales incompatibilités et un ensemble de données pouvant être utiles au tradipraticien pour la préparation et de la délivrance de ces remèdes.

### Ingingo ya 3 :

Harashizweho igitabu c'itororokanirizo ry'imiti n'ibiyerekeye kija kiruzuzwa cerekana ibiranga imiti y'ikirundi, uburyo butuma umuntu ayimenya bitamugoye, uburyo bw'ukuyigerageza n'ukuyipima bwokoresha mu kuyisuzuma, ubuhinga bw'ukuyitegura, ubw'ukwica imigera y'indwara iri muri iyo miti n'ubw'ukuyibika hamwe n'ibikurikizwa mu kuyitekera kugira ntitituke, ibikurubikuru bitajana n'iyi miti hamwe n'ibitororokanywa vyose bishobora gufasha uwuvuza imiti y'ikirundi mu kuyitegura no mu kuyitanga.

### Article 4 :

Les plantes médicinales inscrites aux pharmacopées reconnues par l'Etat sont réservées à l'usage des tradipraticiens et peuvent être détenues en vue de leur vente et leur distribution.

### Ingingo ya 4 :

Ibiterwa bivura biri mu bitabu vy'itororokanirizo ry'imiti n'ibiyerekeye vyemewe mu Burundi birekuriwe gukoresha gusa n'abavuzi imiti y'ikirundi kandi bishobora kubikwa kugira bigurishwe kandi bitangwe.

### Article 5 :

Les modalités d'évaluation et d'enregistrement des remèdes traditionnels sont déterminées par une ordonnance de l'autorité compétente après avis consultatif du Réseau des associations des tradipraticiens, de l'Ordre des médecins du Burundi et de l'Ordre national des pharmaciens.

### Ingingo ya 5 :

Ingene imiti y'ikirundi isuzumwa n'ingene ishirwa ku rutonde rw'imiti y'ikirundi bishingwa n'itegeko ry'umushikiranganji abifitiye ububasha, urunani rw'amashirahamwe y'abavuzi imiti y'ikirundi, Urwego rw'abaganga mu Burundi hamwe n'Urwego rw'abahinga mu vyerekeye imiti mu Burundi zibanje kugira ico bibivuzeko.



## CHAPITRE III : DU REMEDE TRADITIONNEL

## IGICE KA III : IVYEREKEYE IMITI Y'IKIRUNDI

### Section 1 : L'enregistrement des remèdes traditionnels

### Agace ka 1 : Ukwandikisha imiti y'ikirundi

#### Article 6 :

Tout remède distribué au Burundi doit au préalable être enregistré à la nomenclature nationale.

#### Ingingo ya 6 :

Umuti wose w'ikirundi utangwa mu Burundi utegerezwa kubanza kwandikishwa ku rutonde rw'imiti yemewe mu gihugu.

L'enregistrement d'un remède vaut autorisation de sa mise sur le marché.

Ukwandikisha umuti bitanga uruhusha rw'ukuwudandaza.

L'organisation de l'enregistrement est fixée par une ordonnance du Ministre ayant la santé publique dans ses attributions;

Ugutunganya iyandikisha ry'imiti bishingwa n'itegeko ry'Umushikiranjanji ajejwe amagara y'abantu.

#### Article 7 :

La nomenclature nationale est constituée par l'ensemble des remèdes traditionnels enregistrés au Burundi.

#### Ingingo ya 7 :

Urutonde rw'imiti yemewe mu gihugu rugizwe n'imiti yose yemejwe mu Burundi.

#### Article 8 :

Un Réseau national des tradipraticiens est chargé d'examiner entre autres, les dossiers de demande d'enregistrement de ces derniers à la nomenclature nationale des remèdes traditionnels, d'analyser et de gérer les conflits d'intérêts internes au Réseau et aux associations.

#### Ingingo ya 8 :

Urunani rw'abavuzwa imiti y'ikirundi mu Burundi mu vyo rushinzwe kwihweza harimwo amadosiye y'ugusaba ko yandikwa ku rutonde rw'imiti y'ikirundi yemewe mu gihugu, ukwihweza amatati ashobora kwaduka mu runani no mu mashirahamwe hamwe no kuyatorera umuti.

L'organisation, les missions et le fonctionnement du Réseau sont fixés par ordonnance du Ministre ayant la santé publique dans ses attributions.

Ingene Urunani rutunganijwe, imirimo yarwo n'ingene rukora bishingwa n'itegeko nshikiranjanji ry'Umushikiranjanji ajejwe amagara y'abantu.

Le Ministre ayant la santé publique dans ses attributions peut solliciter l'avis dudit Réseau en sa qualité d'organe consultatif sur d'autres aspects techniques concernant les remèdes traditionnels.

Uwo Mushikiranjanji arashobora gusaba urwo Runani ka Rwego mpanuzwajambo kugira rugire ico rushikiriye ku bijanye n'ingene imiti y'ikirundi ikora.

**Article 9 :**

Le Réseau est l'interlocuteur unique et direct entre le Ministère ayant la santé publique dans ses attributions et les tradipraticiens regroupés en associations.

**Ingingo ya 9 :**

Urunani rw'abavuzza imiti y'ikirundi mu gihugu ni rwo rwonyene rwushobora kuvugira mu Bushikiranganji bujewe amagara y'abantu abavuzza imiti y'ikirundi bahurikiye mu mashirahamwe.

**Article 10 :**

L'agrément des associations de tradipraticiens requiert l'avis préalable du Ministère ayant la santé publique dans ses attributions.

**Ingingo ya 10 :**

Ukwemerera amashirahamwe y'abavuzza imiti y'ikirundi bisaba ko Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu abanza kugira icyo abivuzeko.

**Article 11 :**

La composition du dossier à constituer pour les demandes d'enregistrement, les modalités de dépôt et la procédure d'instruction du dossier, les conditions de délivrance de l'autorisation de la mise sur le marché ainsi que la durée de validité de cette autorisation sont fixées par ordonnance du Ministre ayant la santé publique dans ses attributions.

**Ingingo ya 11 :**

Ibija mw'idosiye isaba kwandikisha umuti, ingene ishikirizwa n'ingene itohozwa, ingene hatangwa uruhusha rw'ukugurisha imiti y'ikirundi hamwe n'ikiringo urwo ruhusha rumara bishingwa n'itegeko nshikiranganjijwe ry'Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu.

**Article 12 :**

La demande d'enregistrement et son renouvellement donnent lieu au paiement de frais d'homologation dont le montant est fixé par une ordonnance conjointe des Ministres ayant les finances et la santé publique dans leurs attributions.

**Ingingo ya 12 :**

Urwandiko rw'ugusaba kwandikisha umuti n'ukurwongerereza ikiringo biratangirwa amafaranga igitigiri cayo kigashingwa n'itegeko rishirwako umukono n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Leta hamwe n'Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu.

**Article 13 :**

Il est interdit de présenter au public un remède traditionnel de manière à l'induire en erreur sur ses propriétés, sa composition qualitative et quantitative ainsi que sur son efficacité.

**Ingingo ya 13 :**

Birabujijwe kwereka abanyagihugu umuti ushobora kubahenda ku kuntu umeze, ku kuntu ibiwugize bimeze n'uko bingana hamwe n'ukuntu uvura.

**Article 14 :**

Les modalités de publicité des remèdes traditionnels sont définies par ordonnance du Ministre ayant la santé publique dans ses attributions.

**Ingingo ya 14 :**

Ibikorikizwa mu kumenyekanisha imiti y'ikirundi bitomorwa n'itegeko nshikiranganjijwe ry'Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu.



**Article 15 :**

Seuls les remèdes traditionnels enregistrés peuvent faire l'objet d'une publicité.

**Ingingo ya 15 :**

Imiti y'ikirundi yemewe ni yo yonyene ishobora kumenyekanishwa.

**Article 16 :**

Avant toute diffusion, les textes et les documents publicitaires ainsi que les dictionnaires médicaux sont soumis à l'obligation de dépôt en double exemplaire auprès du Ministre ayant la santé publique dans ses attributions et auprès du Réseau des associations des tradipraticiens.

**Ingingo ya 16 :**

Imbere yuko hasohorwa itangazo iryo ari ryo ryose, ivyanditswe n'ibitabu birimwo ibitangazwa hamwe na za kazinduzi z'ivyerekeye imiti bitegerezwa gushikirizwa kimwekimwe cose mu makopi 2 Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu n'Urunani rw'amashirahamwe avuza imiti y'ikirundi.

**Article 17 :**

Les publications et les éditions ultérieures doivent tenir compte des modifications approuvées par le Ministre ayant la santé publique dans ses attributions à la suite de la vérification des informations diffusées.

**Ingingo ya 17 :**

Ibitangazwa n'ibizokwandikwa mu nyuma bitegerezwa kwisunga ivyahinduwe vyemejwe n'Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu hamaze guhinyuzwa inkuru zatangajwe.

**Section 3 : La promotion et la commercialisation****Agace ka 3 : Ugutuma imiti y'ikirundi ihurumbirwa n'ibijanye n'ukuyidandaza.****Article 18 :**

La promotion active doit être conforme à la stratégie de développement du rôle de la médecine traditionnelle.

**Ingingo ya 18 :**

Ugutuma imiti y'ikirundi ihurumbirwa bimwe biboneka bitegerezwa kwisunga umugambi ufise intumbero y'ugutuma imiti y'ikirundi igira uruhara runini mu buvuzi.

**Article 19 :**

La commercialisation des remèdes traditionnels en dehors des locaux de soins est interdite.

**Ingingo ya 19 :**

Ukudandaza imiti y'ikirundi ahatari mu bigo vy'imiti y'ikirundi birabujijwe.

**Article 20 :**

Toute promotion soutenue par de fausses affirmations, des informations non vérifiables ou des omissions susceptibles d'induire en erreur ou de faire courir des risques aux malades est interdite.

**Ingingo ya 20 :**

Ugutuma imiti y'ikirundi ihurumbirwa hakoreshejwe inkuru zitari zo, inkuru zidashobora guhinyuzwa, canke hagatangwa inkuru zidakwiye ku buryo bishobora gutuma abarwayi bihenda canke bagira ingorane bigerezako birabujijwe.



CHAPITRE IV : DE L'ART DE  
TRADIPRATICIEN

IGICE CA IV : IVYEREKEYE UMWUGA  
W'UKUVUZA IMITI Y'IKIRUNDI

Section 1 : L'exercice de l'art de  
tradipraticien

Agace ka 1 : Ugukora umwuga w'ukuvuza imiti  
y'ikirundi.

Article 21 :

Nul ne peut exercer l'art de tradipraticien sur le territoire national s'il ne remplit pas les conditions suivantes :

- 1° Offrir des garanties de moralité professionnelle ;
- 2° Etre inscrit comme membre du Réseau national des tradipraticiens ;
- 3° Avoir l'accord préalable du Ministre ayant la santé Publique dans ses attributions ;

Ingingo ya 21 :

Nta n'umwe arekuriwe kurangurira umwuga w'ukuvuza imiti y'ikirundi ku gataka k'Uburundi mu gihe adakwije ibisabwa bikurikira :

- 1° Kwerekana ivyizeza ko afise inyifato idatukisha umwuga wiwe ;
- 2° Kuba ari ku rutonde rw'abagize urunani rw'abavuzi imiti y'ikirundi mu Burundi ;
- 3° Kuba afise uruhusha rw'Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu rumurekurira kurangura uwo mwuga.

Article 22 :

Le tradipraticien en exercice est soumis au secret professionnel et au code d'éthique de l'art adopté par le Réseau national des tradipraticiens et approuvé par le Ministre ayant la santé publique dans ses attributions.

Ingingo ya 22 :

Uwurangura umwuga w'ukuvuza imiti y'ikirundi ategerezwa kugumya ibanga ry'akazi no kugendera akarangamutima k'umwuga kumvikanyweko n'Urunani rw'abavuzi imiti y'ikirundi mu Burundi kakemezwa n'Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu.

Article 23 :

Il est interdit au tradipraticien de délivrer un remède secret.

Ingingo ya 23 :

Birabujijwe ko uwuvuza imiti y'ikirundi atanga umuti mu mpisho.

Article 24 :

Il est interdit au tradipraticien de mettre en vente et de dispenser aux malades des remèdes traditionnels qui sont de qualité douteuse, mal étiquetés ou dénaturés.

Ingingo ya 24 :

Birabujijwe ko uwuvuza imiti y'ikirundi adandaza canke aha abarwayi imiti y'ikirundi iteye amakenga, ifise ivyandiko bidatomoye neza canke yamazwe guta akaranga.

Article 25 :

L'ouverture d'un local de soins est soumise à la délivrance d'une autorisation par le Ministre ayant la santé publique dans ses attributions.

Ingingo ya 25 :

Ukwugurura ivuriro ry'imiti y'ikirundi bitegerezwa gutangirwa uruhusha n'Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu.

Toute ouverture d'un nouveau local de soins et tout transfert d'un local de soins d'un lieu à un autre sont subordonnés à l'octroi d'une nouvelle autorisation. Celle-ci est personnelle et incessible.

Ukwugurura ivuriro rishasha iryo ari ryo ryose canke ukuryungururiza ahandi bitegerezwa gutangirwa urundi ruhusha. Urwo ruhusha ni urwa nyenerwo kandi nta wundi muntu ashobora kuruha.

#### Article 26 :

Les conditions de délivrance de l'autorisation sont fixées par ordonnance du Ministre ayant la santé Publique dans ces attributions, notamment en ce qui concerne la nature, les normes et l'état des locaux de soins et les équipements requis pour l'exercice de l'art de tradipraticien.

#### Ingingo ya 26 :

Ibisabwa kugira uruhusha rutangwe bishingwa n'itegeko nshikiranganji ry'Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu nko mu vyerekeye ubwoko bw'inyubakwa z'amavuriro y'imiti y'ikirundi, amategeko azigenga n'ingene zimeze n'ibikoresho bikenerwa mu kurangura umwuga n'ukuvuza imiti y'ikirundi.

#### Article 27 :

Est interdit à toute personne, même titulaire d'un certificat de tradipraticien, tout débit, étalage, ou toute distribution de remède sur la voie publique, dans les foires, les marchés et les maisons d'habitation.

#### Ingingo ya 27 :

Birabujijwe ku muntu wese, naho yoba afise urupapuro rwemeza ko ari umuvuzi w'imiti y'ikirundi, ko adandariza, yandira, canke atangira umuti kw'ibarabara ahaca abantu, mu mahayanishwa, mu masoko no mu nzu z'uburaro.

#### Article 28 :

Lors de l'administration des soins aux malades, tout tradipraticien doit s'assurer que les conditions d'hygiène sont respectées.

#### Ingingo ya 28 :

Uwuzi imiti y'ikirundi uwo ari we wese ategerezwa kwitwararika ko ibisabwa bijanye n'isuku vyubahirijwe mu gihe ariko araha umuti abarwayi.

### Section 2 : Réseau national des tradipraticiens

### Agace ka 2 : Urunani rw'abavuzi imiti y'ikirundi mu Burundi

#### Article 29 :

Le Réseau national des tradipraticiens est un organe consultatif dont l'avis est recueilli par le Ministère ayant la santé publique dans ses attributions pour toute autorisation de l'exercice de l'art.

#### Ingingo ya 29 :

Urunani rw'abavuzi imiti y'ikirundi mu Burundi ni urwego mpanuzwajambo icyumviro carwo gishikirizwa umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu ku bijanye no gutanga uruhusha rw'ukurangura umwuga.

#### Article 30 :

Le Réseau national des tradipraticiens regroupe tous les tradipraticiens membres des associations habilités à exercer leur art.

#### Ingingo ya 30 :

Urunani rw'abavuzi imiti y'ikirundi mu Burundi ruhurikiyemwo abavuzi imiti y'ikirundi bose bari mu mashirahamwe bafise uburenganzira bw'ukurangura umwuga wabo w'ukuvuza imiti y'ikirundi.



**Article 31 :**

Le Réseau a notamment pour mission de :

- 1° Faire respecter le code d'éthique et de pratique de la médecine traditionnelle ;
- 2° Veiller à l'indépendance et à la qualité des prestations du tradipraticien ;
- 3° Promouvoir la formation et la recherche en médecine traditionnelle ;
- 4° Délivrer des certificats d'enregistrement aux tradipraticiens.

**Article 32 :**

Le Réseau est informé de tout manquement reproché à tout tradipraticien.

Il prend en compte tout fait, même non pénalement sanctionné qui, en raison de sa nature et de sa gravité, est contraire au devoir professionnel.

**Article 33 :**

Tous les actes et toutes les décisions du Réseau sont soumis au contrôle du Ministère ayant la santé publique dans ses attributions.

**Article 34 :**

Le contrôle emporte le pouvoir d'annulation ou de suspension des actes et des décisions du Réseau notamment la confiscation et la destruction des remèdes traditionnels non enregistrés, ceux dont la présentation n'est pas conforme à celle enregistrée ou dont la qualité n'atteint pas le niveau de sécurité voulue ainsi que le retrait de l'autorisation d'exercer.

**Ingingo ya 31 :**

Urunani rw'abavuzza imiti y'ikirundi rufise ahanini imirimo ikurikira :

- 1° Kwubahiriza akarangamutima n'amategeko agenga umwuga w'ukuvuza imiti y'ikirundi ;
- 2° Kwitwararika ko uwuvuza imiti y'ikirundi abikora mu bwigenge kandi neza;
- 3° Guteza imbere ibijanye n'inyigisho n'ubushakashatsi mu mwuga w'ukuvuza imiti y'ikirundi ;
- 4° Guha abavuzza imiti y'ikirundi impapuro zemeza ko bari ku rutonde rw'abavuzza imiti y'ikirundi.

**Ingingo ya 32 :**

Urunani rw'abavuzza imiti y'ikirundi ruja ruramenyeshwa ivyo uwuvuza imiti y'ikirundi wese yagirijwe ko atakoze neza.

Urwego rurafatira kuri ico cose cakoze, naho coba kidahanwa n'amategeko mpanavyaha, bivanye n'ico ari co n'uburemere bwaco, giteye kubiri n'ivyo umuntu ategerezwa gukora mu mwuga wiwe.

**Ingingo ya 33 :**

Inzandiko z'Urunani rw'abavuzza imiti y'ikirundi mu gihugu zose n'ingingo rufata bitegerezwa gusuzumwa n'Ubushikiranganji bujewe amagara y'abantu.

**Ingingo ya 34 :**

Ubushikiranganji bujewe amagara y'abantu burafise ububasha bw'ugufuta canke guhagarika inzandiko n'ingingo zafashwe n'Urunani rw'abavuzza imiti y'ikirundi nk'ukunyaga canke uguturira imiti y'ikirundi itandikishijwe, imiti y'ibiyiranga bidahuye n'ivyandikishijwe canke iyo akaranga kayo kadakwije ibisabwa kugira amagara y'abantu akingirwe hamwe n'ukwaka uruhusha rw'ukurangura umwuga w'abavuzza imiti y'ikirundi.

**Section 3 : L'inspection des locaux de soins****Agace ka 3 : Ivyerekeye ukugenzura amavuriro y'imiti y'ikirundi.****Article 35 :**

L'inspection des locaux de soins est assurée par le service chargé de la médecine traditionnelle en collaboration avec le Réseau national des tradipraticiens.

**Ingingo ya 35 :**

Ukugenzura amavuriro y'imiti y'ikirundi bigirwa n'igisata kijejwe ivyerekeye ukuvuza imiti y'ikirundi gifadikanije n'urunani rw'abavuzura imiti y'ikirundi mu Burundi.

**Article 36 :**

Nul ne peut se soustraire ou s'opposer de quelque manière que se soit à l'accomplissement de la mission d'inspection.

**Ingingo ya 36 :**

Nta n'umwe arekuriwe kwizemagiza mu buryo ubwo ari bwo bwose mu vyerekeye igikorwa c'ukugenzura amavuriro y'imiti y'ikirundi canke ngo avyanke.

Lorsqu'il existe des présomptions que les remèdes traditionnels trouvés sont souillés, périmés ou falsifiés ou non conformes aux dispositions du présent décret, les inspecteurs procèdent à la mise en quarantaine de tout produit suspecté et une analyse est effectuée avant toute destruction.

Mu gihe abagira isuzuma biketse ko imiti basanze mw'ivuriro ry'imiti y'ikirundi yagiyemwo imyanda, yataye igihe canke yahinduwe biciye mu buryarya canke idakwije ibisabwa n'iri tegeko, baca bayikura mu yindi bakayishira ukwayonyene kandi ica ikorwako ivyirwa imbere y'ukuyiturira.

Le Ministre ayant la santé publique dans ses attributions détermine le mode et les conditions de mise en quarantaine et d'analyse des échantillons prélevés.

Umushikiranjanji ajejwe amagara y'abantu aratomora uburyo n'ibikorikizwa bijanye n'ingene iyo miti ikurwa mu yindi igashirwa ukwayonyene n'uburyo n'ibikorikizwa mu kugira ivyigwa kuri mikeyi yatowe muri yo.

**Section 4 : La pharmacovigilance****Agace ka 4 : Ukurereka ingaruka mbi zituruka ku miti****Article 37 :****Ingingo ya 37 :**

La pharmacovigilance comporte :

Ukurereka ingaruka mbi zituruka ku miti bigirwa uku gukurikira :

1° L'obligation pour tout tradipraticien et les consommateurs de signaler tout effet indésirable et de recueillir des informations concernant les remèdes traditionnels ;

1° Uwuvuza imiti y'ikirundi wese n'abayifata bategerezwa kumenyesha ingaruka mbi zituruka ku muti no gutororokanya inkuru zerekeye imiti y'ikirundi ;

2° L'enregistrement, l'évaluation et l'exploitation des ces informations dans un but de prévention en tenant compte les données disponibles concernant la

2° Ukwandika izo nkuru, ukuzihweza n'ukuzikorera mu ntumbero y'ugukinga ingaruka mbi hafatiwe ku vyatororokanijwe vyerekeye ukugurisha imiti y'ikirundi ku barwayi,



vente, la délivrance et les pratiques de consommation, de prescription et d'administration aux patients des remèdes traditionnels ;

3° La réalisation de toute étude et de tout travail concernant la sécurité d'emploi des remèdes.

#### Article 38 :

Dans le cas d'une suspicion fondée et basée sur des études réalisées et s'il s'avère que le remède traditionnel en cause est susceptible d'induire des effets indésirables graves, le Ministre ayant la santé publique dans ses attributions peut suspendre ou interdire le remède traditionnel sur le territoire national après avis du Réseau national des tradipraticiens.

#### Article 39 :

L'organisation et le fonctionnement du système de pharmacovigilance sont précisés par ordonnance du Ministre ayant la santé publique dans ses attributions.

### CHAPITRE V : DES DISPOSITIONS TRANSITOIRES ET FINALES

#### Article 40 :

Tout remède traditionnel distribué sur le territoire national doit avoir reçu l'enregistrement au plus tard douze mois après la publication du présent décret au Bulletin officiel du Burundi.

#### Article 41 :

Toutes les dispositions antérieures contraires au présent décret sont abrogées.

ukuyibashikiriza, ibisanzwe bikurikizwa mu kuyigura, mu kuyandikira abarwayi no mu kuyifata ;

3° Ukugira icyigwa icyo ari cyose canke ikindi gikorwa cerekeye ingene imiti y'ikirundi yokoreshwa ku buryo bitabangamira amagara y'abantu.

#### Article 38 :

Mu gihe hari umwikeko wumvikana ushingiyeye ku vyigwa vyagizwe kandi icyo bibonekako umuti w'ikirundi uteye amakenga ushobora kugira ingaruka mbi zihambaye, Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu arashobora guhagarika, canke kubuza uwo muti ku gataka k'Uburundi urunani rw'abavuzwa imiti y'ikirundi rumaze kugira icyo rubivuzeko.

#### Ingingo ya 39 :

Ingene ukurereka ingaruka mbi zituruka ku muti w'ikirundi bitunganywa n'ingene bikorwa bitomorwa n'itegeko nshikiranganji ry'Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu.

### IGICE CA V : INGINGO MFATAKIBANZA N'IZISOZERA

#### Ingingo ya 40 :

Umuti w'ikirundi uwo ari wo wose ukwiragizwa ku gataka k'Uburundi utegerezwa kuba wandikishijwe hatarenze amezi icumi n'abiri iri tegeko rimaze gutangazwa mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi.

#### Ingingo ya 41 :

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri tegeko zirafuswe.

## Article 42 :

Le Ministre ayant la santé publique dans ses attributions est chargé de l'exécution du présent décret.

## Article 43 :

Le présent décret entre en vigueur le jour de sa signature.

Fait à Bujumbura, le 11 novembre 2014

Pierre NKURUNZIZA.

PAR LE PRÉSIDENT DE LA REPUBLIQUE,

LE DEUXIEME VICE-PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

Dr Ir Gervais RUFYIKIRI.

LA MINISTRE DE LA SANTE PUBLIQUE ET DE LA LUTTE CONTRE LE SIDA,

Dr Sabine NTAKARUTIMANA.

## Ingingo ya 42 :

Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu ni we ajejwe ishira mu ngiro ry'iri tegeko.

## Ingingo ya 43 :

Iri tegeko ritangura gukurikizwa kuva umunsi rishiriweko umukono.

Bigiriwe i Bujumbura ku wa 11 Munyonyo 2014

NKURUNZIZA Pierre.

K'UBW'UMUKURU W'IGIHUGU,

ICEGERA CA KABIRI C'UMUKURU W'IGIHUGU,

Dr Ir RUFYIKIRI Gervais.

UMUSHIKIRANGANJI W'AMAGARA Y'ABANTU N'UKURWANYA SIDA,

Dr NTAKARUTIMANA Sabine.